



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKSYON ETA YO AN REKONESANS AK MWA AKSYON KONT LAFEN AN

Lansman katriyèm faz Nourish New York ki koute 25 milyon dola a pral kontinye distriye manje bay fanmi ki nan bezwen yo epi sipòte kiltivatè New York yo

*Yo pral limen moniman Eta yo oranj an rekonesans ak Jounen Aksyon kont Lafen an, ki se 17 septanm 2021*

**Bank alimantè yo nan tout Eta a pral onore Mwa Aksyon kont Lafen an avèk distribisyon manje, kòlèk manje ak plis**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aksyon eta k ap fèt atravè New York an rekonesans ak Mwa Aksyon kont Lafen (Hunger Action Month) an, ke yo obsève chak septanm pou sansibilize sou ensekirite alimantè ak ranfòse batay kont lafen. Katriyèm faz pwogram Nourish New York lanse mwa sa a avèk yon lòt 25 milyon dola ki distribye nan rezo founisè manje an ijans New York la pou pote pwodwi manje New York yo bay moun ki nan bezwen yo. Sa a pote finansman total la pou pwogram a 85 milyon dola depi lansman li pandan pik pandemi COVID-19 la.

Gouvènè a te anonse tou ke yo pral limen moniman eta yo an oranj nan kad Jouen Aksyon kont Lafen an, ki pral fèt vandredi 17 septanm, pou sansibilize sou pwoblèm enpòtan sa a epi pwomèt angajman kontinyèl New York pou konbat lafen nan kominote nou yo. Bank alimantè nan tout eta a pral onore mwa a tou avèk yon seri distribisyon manje, kòlèk manje ak plis ankò, sa k ap bay Nouyòkè yo yon opòtinite pou enplike yo.

"Ensekirite alimantè te sèlman entansifye nan ane edmi difisil ki sot pase a ke nou tout te fè fas ansanm, epi twòp Nouyòkè reyalize ke li difisil pou yo mete manje sou tab yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York ap kontinye trase chemen pou konbat lafen nan kominote nou yo, epi n ap ranfòse Mwa Aksyon kont Lafen sa a pou sansibilize epi asire ke plis Nouyòkè ka bay fanmi yo manje. Mwen ankouraje tout moun patisipe nan Mwa Aksyon kont Lafen an, sipòte kominote yo epi kontribye nan ede Nouyòkè yo retabli anba efè devastatè pandemi terib sa a."

### **Nourish New York**

Katriyèm faz inisyativ [Nourish New York](#) la te lanse mwa sa a, sa ki pèmèt founisè manje ijans New York yo kontinye achte pwodwi siplemantè yo nan men agrikiltè New

York yo ak fabrikan pwodwi letye yo epi livre yo bay fanmi New York ki nan bezwen yo jiska fen ane a, gen ladan pandan sezon fèt la. Depi lansman li pandan pik pandemi an nan mwa me 2020, Nourish New York te ede rezo bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo achte plis pase 35 milyon liv manje ki soti nan men kiltivatè lokal yo ak distribye plis pase 29 milyon repa nan kominote yo atravè eta.

Finansman pou katriyèm faz pwogram sa a, ke yo te adopte nan kad Bidjè Eta New York 2021-22 a, yo pral reyafekte bay bank alimantè yo ak founisè manje ijans k ap patisipe yo atravè kontra k ap pwolonje jiska 31 desanm 2021. Founisè manje ijans yo kapab depanse lajan yo distribye ba yo a nan:

- Etabli kòlèk manje atravè evènman/kado;
- Distribye kupon pwodwi letye ke moun yo kapab itilize nan magazen manje yo pou pwodwi tankou fwomaj, yougout, lèt, krèm frèch, ak bè, atravè Eta a, ak/oswa;
- Achte pwodwi dirèktman nan men fabrikan pwodwi letye/manje New York yo pou pwogram bay manje yo a.

Yo te investi yon total 85 milyon dola a nan Nourish New York jiska dat atravè kat faz finansman. Pwogram nan bay lajan dirèkteman bay founisè manje ijans eta a pou ede yo achte pwodwi agrikòl New York yo, tankou lèt, yougout, fwomaj, fwomaj blan, ak pwodwi alimantè, manje, pwodwi lanmè yo, ak ze. Li finance tou livrezon machandiz sa yo bay Nouyòkè yo atravè gwo distribisyon sou volan, pwogram bwat alimantè ak pwogram manje lekòl la, gad manje, ak kantin popilè. Anplis de sa, pwogram nan sipòte kiltivatè yo ak pwodiktè yo nan eta a ki pèdi mache pou pwodwi yo akòz pandemi an. Atravè acha bank alimantè yo, gen 4,178 fèmke yodeja afekte.

### **Moniman Eta yo Limen Oranj**

Yo pral limen moniman Eta yo oranj nan vandredi 17 septanm an rekonesans ak Jounen Aksyon kont Lafen ak Mwa Aksyon kont Lafen an. Eta New York ap limen moniman li yo an oranj pou sansibilizasyon kont lafen pou twazyèm ane konsekitif la. Orange se te koulè premye kupon manje yo epi yo itilize li pou reprezante sansibilizasyon kont lafen pa òganizasyon k ap lite kont lafen ak lòt yo.

Men moniman eta yo ke yo pral limen oranj an rekonesans ak Mwa Aksyon kont Lafen an yo anba:

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman H. Carl McCall SUNY (H. Carl McCall SUNY Building)
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)

- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson (Franklin D. Roosevelt Mid-Hudson Bridge)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- One World Trade Center

Depi lontan Eta New York te angaje li nan batay kont lafen an. Eta a te lanse plizyè pwogram revolisyonè nan ane ki sot pase yo, gen ladan Konsèy sou Politik Grangou ak Manje a, Vital Brooklyn (Brooklyn Vital), ak Inisyativ Okenn Elèv Pap Rete Grangou (No Student Goes Hungry) a, pou konbat grangou, amelyore aksè pou manje ki bon pou lasante, ke yo kiltive lokalman epi pote manje ak bwason yo kiltive nan New York nan kominote defavorize yo.

[Konsèy sou Lafe ak Politik Alimantè \(Council on Hunger and Food Policy\) a](#) reyini pou bay responsab politik eta yo ekspètiz sou fason pou adrese lafen ak amelyore aksè ak manje ki bon pou sante ki grandi lokalman pou rezidan Eta New York yo. Dènyèman, travay Konsèy la te enpòtan anpil pandan etablisman pwogram Nourish New York la, yo te travay pandan plizyè ane pou ranfòse lyen ak koperasyon ant pwogram ki adrese lafen ak sa yo ki pwodui ak founi manje.

### **Evènman Distribisyon Manje yo**

Anplis de sa, anpil nan 10 bank alimantè rejyonal Eta New York yo, yo chak rekonèt Mwa Aksyon kont Lafen an nan pwòp fason pa yo mwa sa a, sa ki bay Nouyòkè yo yon gwo opòtinite pou patisipe sou teren an nan pwòp kominote pa yo. Aktivite planifye yo enkli yon seri distribisyon manje, kòlèk manje, ak kèk lòt evènman, tankou Feedmore Western New York, ki ap ankouraje pou lime moniman lokal yo ki gen ladan Niagara Falls ak Electric Tower. Anpil bank alimantè, tankou Feeding Westchester, yo menm tou fè patenarya ak òganizasyon lokal san bi likratif yo pou òganize leve fon an pèsòn ak vityèl nan zòn pa yo. Bank alimantè yo ankouraje Nouyòkè yo tou pou yoabiye an oranj nan Jounen Aksyon kont Lafen an epi poste sou rezo sosyal yo pou sansibilize sou kòz la.

Moun ki enterese pou jwenn manje oswa pou sèvi kòm volontè ak bank alimantè lokal yo ka vizite [sit entènèt Feeding New York State la](#) pou aprann plis.

**Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** "Mwa Aksyon kont Lafen an se yon bon moman pou konsyantize sou ensekirite alimantè nan Eta New York epi pou nou kontinye goumen pou nou jwenn pi gwo aksè ak manje pou tout moun. New York te pran aksyon desizif pou konbat ensekirite alimantè, soti nan pwogram Nourish New York la, ki sèvi lyezon avèk siksè ant kiltivatè nou yo ak fanmi nou yo ki fè fas ak ensekirite alimantè kontinyèl, rive nan gwo rezo bank alimantè nou

an ki travay di poumete manje sou tab yo nan tout eta a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak lejislati a paske li sipòte kontinyasyon pwogram Nourish New York la, ki klèman te fè yon enpak dirab sou kominote agrikòl nou an ak vwazen nou yo, epi ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pou bay vwazen yo yon kout men mwa sa a, ak pandan tout ane a."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Chak Nouyòkè, kèlkeswa kote yo rete oswa mwayen finansye yo, yo merite aksè ak manje ki bon pou sante epi ki fre. Pandemi COVID-19 la ak defi ekonomik ki te swiv li yo te rann kriz lafen New York la vin pi grav pandan ke plis fanmi toupatou nan eta nou an te fèk vin depann de bank alimantè lokal yo. Pandan moman nwa inimaginab sa a, pwogram Nourish New York la te parèt kòm yon solisyon inovan pou mete manje sou tab la pou fanmi ki nan bezwen yo pandan y ap bay kiltivatè k ap travay di nou yo — anpil nan yo te batay pou rete nan biznis lan akòz pèt finansye ki gen rapò ak pandemi an — yon nouvo avni pou vann pwodwi yo. Jodi a, gras ak yon investisman adisyonèl ki koute 25 milyon dola a, Nourish New York ka kontinye rete flanbo asistans konpasyon sa pou Nouyòkè yo ki ap pase moman difisil. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li sansibilize sou enpòtans kapital Mwa Aksyon kont Lafen an ak paske li pran mezi konkrè pou konbat kont ensekirite alimantè nan kominote nou yo. M ap tann ak enpasyans patenarya kontinyèl nou an pou konstwi yon sistèm alimantè ki pi rezistan pou Nouyòkè yo nan tout kwen nan gran eta nou an."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt Mwa Aksyon kont Lafen an nan fason sa. Sipò kontinyèl pou pwogram Nourish NY la adrese ensekirite alimantè kontinyèl, pandan y ap sipòte kiltivatè nou yo ki gen difikilte tou. Bank alimantè, kòlèk manje, ak sant distribisyon yo tout jwe yon wòl ki enpòtan anpil pou ede fanmi yo nan moman bezwen yo. Fè koneksyon avèk sektè agrikòl nou an pa sèlman bay pwovizyon ki nesèsè, li te konstwi bon jan relasyon tou nan tout eta a, ke mwen trè rekonesan pou li."

**Dave Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau), te deklare,** "Nourish NY kontinye rete yon gwo pwogram ki benefisye alafwa kiltivatè yo ak moun New York ki bezwen manje fre ki pwodui isit la nan eta nou an. Finansman adisyonèl la pral bay aksè fasil ak manje lokal, ki gen ladan pwodwi letye yo, epi asire opòtinite mache kontinyèl pou kominote fèm nan pandan eta nou an ap reprann li anba yon ane difisil. Biwo Fèm New York la felisite sipò kontinyèl gouvènè a ak lejislati eta a pou pwogram enpòtan sa a."

**Direktè Egzekitif Feeding NYS la, Dan Egan, te deklare,** "Nourish New York kontinye bay sipò enpòtan pou Nouyòkè ki nan risk lafen yo. Defisi nitrisyonèl pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo enpòtan, epi pwogram Nouri New York la bay bon jan kalite manje ki grandi nan New York pou konble defisi sa a. Nouri New York konekte kiltivatè yo, bank alimantè yo ak moun ki grangou yo nan yon pwogram efikas ak pwodiktif. N ap tann ak enpasyans yon evantyèl rekiperasyon konplè sektè agrikòl ak endistri alimantè New York la; sipò kontinyèl pou rekiperasyon sa a pral enpòtan".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Food Bank for New York City a, Leslie Gordon, te deklare,** "Nou fyè pou nou fè patenarya avèk lidè Eta nou yo ki devwe pou konekte Nouyòkè yo ak resous alimantè esansyèl yo ak pwogram tankou Nourish New York ki kontinye ranfòse rezo gad manje ak kantin popilè a, Nou konnen batay ensekirite alimantè nan tout Eta nou an depann de lidèchip ofisyèl eli yo pandan tout ane a epi nou envite tout Nouyòkè yo pou yo konekte ak sipòte bank alimantè lokal yo nan Mwa Aksyon kont Lafen sa ak odela."

**Direktè Egzekitif Food Bank of Central New York la, Karen Belcher, te deklare,** "Food Bank of Central New York travay chak jou pou nourri moun ki grangou. Finansman atravè Nourish New York se yon opòtinite pou kontinye ede moun nan kominote nou yo atravè distribisyon manje aktik letye, pwodui alimantè, ak lòt atik agrikòl. Pandan istwa 36 ane nou an, nou te kreye patenarya agrikòl solid epi Inisyativ Nourish New York la mete aksan sou relasyon sa yo. Nou apresye sipò kontinyèl Gouvènè Kathy Hochul ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York pandan Mwa Aksyon kont Lafen an ak pandan tout ane a pandan n ap kontinye navige nan enpak ekonomik ke pandemi an te kreye."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)